

PLAN KONPANSASYON SOSIAL

WANAMENT, AYITI

LIV POU PIBLIYE

COMPAGNIE DE DEVELOPPMENT INDUSTRIEL, S.A
KONPAYI DEVLOPMAN INDISTRYIEL
C O D E V I
REPIBLIK DAYITI
SEPTANM, 2003

Realice pa:

VLORA

División Gestión Ambiental

Clodomiro Checo # 6 Cerros de Gurabo

Tels: (809) 583-6586/587-9900/729-5829

REZIME EKZEKITIF

PWOJE PLAN KONPASASYON SOSYAL WANAMENT, AYITI

**(COMPAGNIE DE DEVELOPPMENT INDUSTRIEL, S.A.)
KONPAYI DEVLOPMAN INDISTRIEL S.A
REPIBLIK DAYITI
SEPTANM 2003**

Rezime Ekzekitif

Gwoup M

Group M se yon pak endistriyel ki fonde nan lane 1986, ki espezyalize nan fè pwodwi tekstil (twal). Antrepriz sa a, asosye li ak plizyè fim endistriyel impotan ameriken e eropeyen. Pak sa, li etabli nan provans Santiago, Repiblik Dominiken, li okipe premye plas nan region an, nan zafè ekspotasyon byenendistriyel.

Kompayi Group M yo ak asosye li yo, ki trouve yo nan teritwa Repiblik Dominiken, e Repiblik Ayiti, benefisye pa lwa ameriken de Inityativ región Karaib (CBI) e avèk Trete Komès Lib ki ap prale etabli ak peyi Etazini (CBTA).

Kompayi devlopman endistriyèl, S.A. (KODEVI) se pi jèn inite koperatif Group M. Se yon kompayi ki konstitiye pa lwa Repiblik Ayiti, nan bi pou profite benefis CBPTA-AGOA, ba Ayiti pou ekspotasyon pwodwi tekstil nan peyi etazini, lib de frè dwann e inpo. Kodevi ouvè pot li kom fondatè pakindisye Ouanaminthe. Nouvo projè sa sitiye nan kominote Ouanaminthe, nan teritwa ayisyen an, tè ki se pre fontye Repiblik Ayiti ak Repiblik Dominiken.

Pak la ap okipe yon espas de 500,000m². Pou sitye pak endistriyel Wanament nan zonn sa, gen kèk konsiderasyon ki te fèt tankou aksè fasil rout Santiago al Ouanaminthe, ki rann aspè lojistik opevasyon yo pi fasil, ak Puerto Plata tou, ki se pò de ambakasyon a Etazini e disponibilite de men dev pou koup ak konfektyon rad.

Achte tè

Pou komanse, gwoup M te gen entansyon achte tè ki pat ni prive ni te agrikilti men apre investigasyon ak evaliation nan zonn nan, li we ke tè kap bon pou antrepiz la te se ap tè prive ke yo itilize pou kiltivasyon.

Genyen 95 ti agrikiltè ki divize an de gwoup:

Agrikiltè Pwopriyetè (56 moun) e Agrikiltè Lokatè (39 moun). Majorite agrikiltè yo se lokatè ki lwe tè nan men pwopriyetè yo e ki peye yon kantite lajan chak ane pou plante tè a ou byen fe de mwatie ak pwopriete teren ki se pataje en de rekot ki fèt la.

Agrikiltè pwopriyetè yo genyen yon kantite de 0.625 Ekta tè. Yo kiltive avèk yon sistèm de Conuco (Ti Sistèm Expwatasyon agrikol redi kote yo plante plize viv nan te pou viv ak vann), y rekot yo fè a pèmeè yo gen yon pati pou yo viv ak fanmi yo e lot pati ya pou vann nan mache. Pwopriyetè yo ak lokatè yo, viv ansanm ak fanmi yo nan menm zonn nan an deyo Wanament, en deyo Pak Indistriyel la.

Chema sivan montre soudivizion agrikiltè teren kote yo konstri yo.

A) **Pwopriyetè** teren prive ak tit Pwopritè (56 moun)

B) **Lokatè** teren prive (39 moun)

Andedan division sa nou ka montre lot sou kategori yo :

A) Pwopriete :

A.1 Pwopriyetè ak tit Pwopriete ki resevwa yon salè total de pwopriete li nan men gouvènman Ayisyen. (30 moun).

A.2 Pwopriyetè ak tit pwopriete ki poko resevwa salè Konpansasyon ekonomik la e ki gen pou resevwa li le 25 Septanm 2003. (26 moun)

B) Lokatè yo.

B.1 Lokatè teren leta yo ki peye impo nan biwo revni enten en Ayiti (1 moun).

B.2 Lokatè yo ki kiltive tè a e ki peye pwopriete yo chak ane. Tout gen resi setifika peyman yo (24 moun).

B.3 Lokatè ki te kiltive tè prive mèl tè yo, ki fe pratik de mwatie, pataj rekot pwovision yo ak pwopriete yo(14 moun).

Tablo # 1

Kategori agrikiltè Benefisye yo. Plan Konpansasyon Sosyal. (PKS)

Kategori	Kantite Moun	<u>DESKRIPSYON</u>	EKTA
I	30	Pwopriete ak tit Pwopriete ki resevwa yon sale total de pwopriete li nan men gouvènman Ayisyen.	27.74
II	26	Pwopriete teren prive ki pa en ako lè yo tap resevwa konpansasyon ekonomik la jiska 12 d'Awout 2003 Yo konvoke yon reyinyon ak yo, jou ki 25 Septanm 2003 e yap tou ba yo yo rekonpans ekonomik la.	29.37
III	1	Lokatè teren leta yo ki peye impo nan biwo revni entèn en Ayiti.	0.64
IV	24	Lokatè yo ki kiltive tè a e ki peye pwopriete yo chak ane. Tout gen resi setifika peyman yo.	N/d
V	14	Lokatè ki te kiltive tè prive mèt te yo, ki fe pratik de mwatie, pataj rekot pwovizyon yo ak pwopriete yo.	

N/D

Nota: Salè ke nou te dako pou nou bay eke nou peye moun yo pa la pou pwoteje sekirite moun ki resevwa kob. Infomasyon sa a, yo bay li a KFI,(Kooperasyon Finansye Intenational) men jan tou ak yon lis non moun ki resevwa lajan an. Yo te verifie ke nivo peman rete anko ak vale teren nan zonn nan.

Pwosedi pou lwe teren yo ke gouvènman Ayisyen ak gwoup M pran, komanse nan leta Ayisyen ki achte teren yo nan men agrikiltè yo. Apre Pwosedi sa a, leta Ayisyen lwe gwoup M teren yo.

Direksyon Jeneral Inpo, dependans de Sekretaria de Finans en Ayiti leve kat ak dat korespondan lo teren yo te chwazi yo pou devlope pwojè a. Procedi pou lwe tè yo konprann yon kominike a gouvènman ayisyen kote li mande tè pou lwe, yon setifika de direksyon general inpo ki identifiye zonn nan ak kote egzak la e pou fini yon akò Lwaye

ant Gouvenman Ayisyen a ki reprezante pa ministe Ekonomi ak Finans e pa KODEVI ki rantr anba lwa Ayisyen e ki se yon branch de Gwoup M.

Mak Legal

Pou ka teren yo ke yo retire nan men pwopriete yo, pou bay tè yo a kote yap Konstri PIW Lwa Konstitiyon an nan Seksyon H Pwopriete, Art 36 di konsa: “ Ekspwopriasyon ki se pran tè moun, pou itilite piblik gen dwa fèt kenpot kote e leta peye yon konpansasyon ke la lwa ou yon gwoup ekspè nan matiyè a decide.

Lè yo fin pran tè yo nan men agrikiltè yo, Leta te lwe KODEVI tè yo a trave yon kontra.

Plan Konpansasyon Sosyal. (PKS)

Tankou Agrikiltè yo ak Pwopriete yo te peye y ou byen yap rekonpanse yo. Pou te yo ke yon pedi. En plis de sa, Gwoup Kodevi kree yon plan sosyal ki genyen yon gwoup de pwogram ak aksyon ki genyen kom objektif pou ede popilasyon ki afekte a (agrikiltè yo ak lokte yo) pou ede yo gen yon vi ki pi bon ke sa yo te genyen avan.

Nan Pati ekzekisyon PKS la yap bay nouvo teren a agrikiltè yo (Pwopriete yo ak lokatè yo) e yap realize yon seri de aktivite pou yo ka rann agrikilti a meyo, ranfose oganizasyon kiltivate yo, fome yon kooperativ, fe pwomosyon pou plantè pye bwa ak garanti pwoteksyon riviè Massak la. Riviè sa se yon sous principal pou dlo potab ke cominote Wanament nan Consome, pou bezwen espesyal tankou agrikilti, elvaj ak konsomasyon pou moun.

Devlopman plan sa a ap benefisye 95 fanmi ki genyen agrikiltè, fanm, jenn, lide, etidyan ak timoun, Se moun sa yo ka patisipe nan lot aktivite pwoje a.

PKS la gen intensyon devlope yon pwogram ekonomik pou popilasyon ki pa ka travay la tè anko, pa egzanmp gramoun twazièm laj yo ak inkapab yo. Yo pral mete yo sou siveyans paske yo bezwen plis èd pase moun ki afekte yo.

Yo pral realize chak 15 jou yon reyinyon pou pwojè PKS ak benefisiè yo ak fanmi yo pou yo ka pran tout opinyon yo an konsiderasyon. Pou fomilasyon estraterjik plan e pou yo ka gen konsesans chank plan ak mezi ke pwogram nan genyen nan pwoje a.

Orijinalman, plan konpasasyon sosyal devlope nan yon teren, avèk yon ekstansyon ki gen 16,036.40mts². Le yo fin evalye li, gwoup koodinatè a fe konklizyon ke teren a pa te ase pou realize objektif plan an. Manb ekip PKS la te analize kantite teren ki te nesesè pou konpanse pwopriyetè epi yo te gestyone ak gouvènman Ayisyen an yon dezièm teren ki mezire 230,000.00 mts². Olye de yon obstak, ekzistans 2 teren nan plan an, se yon avantaj ke yo pa t'ap espere paske pandan plizie reyinyon ak moun ki te afektè yo pa koodinatè pwojè gwoup la yo dekouvri ke ekziste yon gran divizyon sosyal nan mitan pwopriyetè yo ak moun k'ap okipe la tè yo.

Introdiksyon yon dezièm teren nan plan an, pral bay repons a nesesite gwoup pwopritè yo. Tou de gwoup yo ap benefisye tout pwogram ak pwojè plan an. Yo pral viv epi yo pral travay an de lokal diferan, ki konpoze de kominote travay. Vi en komin sa a pral pwoposyone 95 agrikiltè yo ki se lot benefisye sosyal nan plan an, tankou:

- Oportinite pou kree ak kenbe yon kominote integral
- Resous pataje
- Fasilitasyon transpo nan zon travay yo
- Fasilitasyon pou antrenman
- Integrasyon fanmi nan pwodiksyon an
- Pwoteksyon anvironman an

Sistèm agrikòl la ke agrikiltè ki benefisye yo itilize sou teren yo demontre pousantaj pwodiksyon an pòv anpil, alimantasyon ak konpetisyon. Rezilta defisyan sa a fè ke manke asistans teknik ak finansye pou dirije yon infrazikti ak pwovizyon pwodiksyon an. Agrikiltè sa yo te kiltive tè sa yo pou yo te ka dire 8-12 zan.

Le pwojè a te kòmanse, te gen yon sistem ki te rele agrosilvopastori. Li te kon devlope yon metod ki pwodiktiv men ki pa itilize anpil teknoloji, epi ki konsiste nan plante mayi nan tan printan (me, jen) ak pwa nan epok fredri (Novanm, desanm).

Metod sa a te devlope nan teren ki te asosye avèk anpil fwi, avek preponderans mang lan avek bon pen, epi an plis pyebwa zaboka, cawil, avek kakao. Jiska prezan gen diferan kalite forestasyon ki existe tankou el roble dominicano, pino cubano, banbou, avèk fey. Lot kalite t ap okipe zon ki piti yo pou otokonsimasyon se te yanm, patat, fig, banann, ak joumou, ki te asosye avèk mayi, pistach, avèk pwa.

Teren sa yo ke pwodiktè pwoprite yo te kon dedike 50% tan yo nan kiltivasyon mayi, pistach, avèk pwa ki le genyen otokonsomasyon, rès la knomesyalize nan mache Wanamint, epi fwi tankou mango avek bon pen nan Wanamint ak Dajabon.

Metod pou ede jestyon agrikilti a ak konsevasyon tè yo, pral ede tè bay yon bon pwodiksyon, e pral ede agrikiltè afekte yo gen yon vi meye. An plis, de sa, popilasyon afekte ap gen dwa patisipe nan travay debwazman, pwoteksyon anviwonman ansanm ak konstriksyon infrastrikti, ki ale pi lwen ke tan plan ap dire a.

Objektif Popilasyon Pwojè-Benefisyè yo.

Plan objektif Popilasyon an genyen 95 fanmi ki konpose de ti femye , chak gen , pou la pli pa, o zanviron 5 a 8 mamb, pou yon total ant 475 a 760 moun.

Prodiktè yo ak fanmi yo viv andeyo la vil la, an deyo zonn pwojè a. Nan popilasyon sa gen anpil moun pov, an konparezon ak popilasyon kap viv nan vil Wanamint, paske yo fèt andeyo e yo gen mank swen ak edikasyon. Aktivite ekonomik yo redwi nan agrikilti kèk viv ki respektif a zonn nan.

Presans etidyan nan fami sa yo prime paske se nan premie ane yo selman yo tal lekòl, ki bay yo gwo kantite timoun ki pa fini lekòl (se sa ki fe gen anpil timoun delenkan nan lari a kap travay depi tou piti).

Gen yon gwo pousantaj de analfabet e kondisyon sante yo defisyan. Popilasyon timoun ak jen yo nan fanmi sa yo manke sant de rekreyasyon ak kilti. Pousantaj Chef fami yo kap prale patisipe nan pwogram sa a gen en moyenn 40 an e la plip nan yo (96 pousan) se gason.

Objektif general Plan Konpansasyon Sosyal se: pou founi yon sistèm de konpasasyon Integral a pwodiksyon agrikòl, asanm ak pwopriyete kom okipyan de teren pak endistriyel Wanamint. PIW

Objektif Spesifik.

- a) Posibilite pou jwen lot teren.
- b) Ranfosman prodiksyon ak etid di mache.
- c) Kominikasyon kontinyèl sou benefis plan a benefisyè yo.
- d) Kreasyon yon fon institisyonel finansye nan Wanamint pou bay posibilite a.
- e) Kreasyon de yon kooperativ de plize sevis.
- f) Kreasyon de yon ekip koodonate dapi ak mamb kominote a.
- g) Koodinasyon ak sipervizyon pou fondasyon gwoup M.

Pou kontinye yon chema de devlopman plan konpasasyon sosyal la (figi # 2) kote yo montre separasyon konpasasyon ekonomik la , bo kote gouvènman ayisyen ak gwoup M a benefisye pwoje sa a.

Gouvènman Ayisyen te responsab pou paye teren benefesye pwopriyete yo. Menjan li te pran angajman pou peye lokatè benefisyè yo de pèd teren yo pou konstriksyon PIW, ki baze sou kèk atik pa otorite ayisyen yo.

Gwoup M responsab pou konpanse ekonomikman agrikiltè yo, ki konprann pwopriete yo ak lokate yo en de etap:

Premie Etap:

Konpansasyon ekonomik pou pet kiltivation pye bwa yo ak lwaye pwopriete yo ak lokate yo.

A. Nan konpansasyon ekonomik sa a, yo te konsidere la pèt de revni de rant pwopriete yo an de kategori:

Agrikiltè yo ki tap travay te pwopriete yo (aproksimativman yon caro) en Kalite de okipan ki paye chak ane a pwopriete yon salè, pou itilization tè a.

Lokatè yo ki o lie yo peye yon lwaye pou itilizasyon de tè sa yo, pataje rekot yo ak mèt te yo, lokate yo ba mèt tè yo yon kantite de pwovisyon pou yon setenn vale goud chak pwodwi sech. (Pwodwi sech yo: se mayi, fig, ak pistach, yo kiltive yo pou yon period de 4 a 6 mwa chak ane, konsa chak ane yo fè de rekot pou chak kiltiv).

Pou fè yon valè de konpansasyon ekonomik ba 56 pwopriete sa yo, yo pran yo salè de revni pou rant ak rekot, e yo te resevwa pandan in an yon kantite salè ki pa piblye nan dokiman sa a.

B. Konpansasyon Ekonomik pou tè ki pedi.

39 Agrikiltè lokatè yo te gen yon pwodiksyon de rekot de plize espès pou siviv ak vann nan mache Wanament a pati de rekot sa yo, yo fè yon seten ekonomi chak mwa. Pou fè yon valè de konpansasyon ekonomik bay pwopriete sa yo, ke moun sa yo pa resevwa anko a koz tè ke yo pedi, pou tout mwa sa yo fè san travay yo depi konstriksyon PIW (Avri 2003) jiska devlopman PKS la (Septanm 2003).

Deziem Etap: Konpasasyon ekonomik Gwoup M-KODEVIDEVI a travè fondasyon li, pral fè kado lajan pou finansman ak koodinasyon plan konpansasyon Sosyal la, ki pral benefisye agrikiltè Pwopriete afekte yo pandan yon Period de 7 ane.

Tablo# 2

Devlopman chema Plan Konpansasyon Sosyal Wanament

Kategori moun ki afekte	Teren ki pedi	Kompansasyon pou pet Revni Gwoup M	Lot kalite asistans Gwoup M
I) Pwopriete ak tit Pwopriete ki resevwa yon sale total de pwopriete li nan men goudenman Ayisyen.	21.36	• Pwogram Edikasyon/travay • Ed Teknik • Kapasite ak Antrenman agrikol	Konstriksyon: • Kooperativ • Biwo koodinate • Lekol Teknik • Infrastrikti agrikol • Inite transfomasyon • Materyel pou reparasyon Kay: zen, blok y Siman.
II. Pwopriete ak tit Pwopriete ki resevwa yon sale total de pwopriete li nan men goudenman Ayisyen.	29.37	• Achte materyel ak semans. • Netwayaj Anviwonman • Pwogram de Kooperasyon • 230,000 M2 pou devlope aktivite agrikilti.	
III. Lokate teren leta yo ki peye impo nan biwo revni enten en Ayiti.	0.25	• Pwogram Edikasyon/travay • Ed Teknik • Kapasite ak Antrenman agrikol • Achte materyel ak semans. • Netwayaj Anviwonman • Pwogram de Kooperasyon • 16,036.40 M2 para pou devlopman agricola	Kostriksyon de: • 39 Kay. • 39 latrin • 10 pies kizinn • Biwo Koodonate • Sant Kominal • Legliz • Lekol • Plas rekreativ • Kooperativ • Infrastrikti agrikol • Semine atizanal
IV. Lokate yo ki kiltive te a e ki peye pwopriete yo chak ane. Tout gen resi setifika peyman yo.			
V. Lokate ki te kiltive te prive met te yo, ki fe pratik de mwatie, pataj rekot pwovisyon yo ak pwopriete yo.			

Plan Konpasasyon Social la konpoze de diferan pwen sa yo:

- **Asamble General:** Benefisiè, manm sosyete civil ak otorite local Wanamint yo.
- **Fondasyon Gwoup M:** Bay Fon, fè siveyans, odit ak evaliasyon pwoje yo.
- **Biwo Koodinate:** Organizasyon jestyonè, genyen posibilite pou dirije ak koodone tout manm yo ak aktè ki rantre na KPS. Lap yon pon ant Fondasyon Gwoup M ak Inite Plan an, li la pou egzekite ranplasman agrikiltè yo ki asepte nouvo kay yo, ak nouvo teren yo e kap mete an fonksyon inite pwoj yo, se li menm kap defini pwogram, ekip ak komite benefisie yo.

Li fome de kat pwen principal :

- Direksyon Egzekitiv
 - Ed Teknik – Kapasite.
 - Kontabilite- Finans
 - Kooperativ .
- **Benefisie:** Agrikiltè yo (pwopritè ak lokatè) ki te gen teren sou tere kote PIW nan yè ap genyen nouvo kote pou yo rete ak fanmi. Benefisiè sa yo ap reprezante pa yon komite ki rele **Komite pou Plan Konpansasyon Social (KPKS)**. KPKS la ap gen pou reprezantasyon li kom manm biwo koodinasyon y gen otorizasyon pou fome yon sevis kooperativ. Men jan tou se li kap stikti a travè benefisiè ki rantre nan plan e ki jwenn ed ak sevis pou tout inkietid, ke yap genyen ak pwoblem. Depi komansman plan an, konseye kap ede benefisiè yo pou asire de bon fonksyonman travay la. Ki suiv strikti sa yo ki se:
 - Yon reprezante majistra a.
 - ◊ Yon reprezantan legliz
 - ◊ De manm de yon kominote
 - ◊ Yon reprezantan zafè cominote
 - ◊ Reprezantan benefisiè yo (yon kantite de 9 moun)
 - ◊ Yon reprezantan Gwoup M

Finans:

Finansman Plan Konpasasyon Sosyal soti nan fon don ke gwoup M bay, ki se kob ki la pou ede direktman ak indirekteman devlopman PKS la. Fon sa yo sitie nan yon institisyon finansye Wanament ki dirije pa Biwo Koodonate a.

Dire:

Devlopman Plan sa a pral genyen yon dire de 7 ane, koumanse nan Oktob 2003 kap fini nan Oktob 2010.

Konsiltasyon Piblik

Nan relasyon a Plan konpansasyon Sosyal la (PKS) yo te diskite e yo te pran desizyon dapre konsey ke Otorite kominote Wanament ak gwoup agrikilte yo ki nan Plan KPS la. Pou fini yo fe de konsiltasyon piblik ak onz reynion ak agrikilte yo kote yo konte patisipasyon popilasyon otorite lokal ak teknisyen yo.

Konsiltasyon Piblik yo reprezante plize diferan manm sekte kominote ki genyen la dan yo Delege a, majistra Wanamint nan, konsil Dominiken, Wanament nan, Konsil Ayisyen ki Dajabon nan. Men jan te gen prezans reprezentant biwo de leta sivil, biwo revni, defans sivil, kominote religie (Katolik ak evangelik), bank komesial, kooperativ popile, gwoup kominote, gwoup vwazin, ONG yo, fanm san job, pwofesyonel, milite, agrikilte independan ak etidyan. Intevansyon ekspozisyon yo ak piblik la yo te enregistre yo sou video ak kaset.

Premie aktivite konsilta piblik la te fet le 19 desanm 2002. Yo te itilize yon micro kom mwayen de kominikasyon nan tout vil la pandan twa jou avan aktivite a komanse. Tout moun te ale nan aktivite ki te nan kleb Onik a 1:30 nan apre midi. 50 moun te patisipe. Yo tou pwofite pale yo de objektif yo ak karakteristik Plan konpansasyon Sosyal la.

Deziem aktivite konsiltasyon piblik la te fet le 29 desanm 2002. Nan aktivite sa a yo te invite nan yon let Otorite lokal nan kominote a. Pou te fe pase mesaj la yo te fe ekri li sou tablo en Katon e te gen yon moun ki tap mache avek li e li tap anonse le ak yon micro

ou avan aktivite a. Men jan yo te anonse li nan dives legliz ki nan kominote a. Aktivite a te fet andedan Auditorium Legliz Sin Ejenn Wanamint, a 1:30 de lapre midi e te genye 250 moun.

Metod kominikasyon sa te pemet moun PKS yo fe yon ti antrevi ak pale ak benefisye yo, fanmi yo e konsa yo te kapab konnen moun, laj yo, pwoblem sante, ki rev yo genyen, ki pwoblem, si yo te gen keksyon and infomasyon sou benefisye yo.

Reynion sa yo te fet ak agrikilte ki patisipe nan rankont ki te fet depi nan mwa avri jiska mwa jiyè 2003, yo te fet 11 reynion ki te fet nan Oditoriom Lameri Wanamint Yo te debat pwoblem ki regade benefisye yo ki konpose de agrikilte yo ak lokate yo.

Menm jan an tou yo fe yon reynion ak Otorite gouvènman pou konpansasyon sosyal la. De denie reynion yo te fe ak reprezantan IFK e gwoup M ki pral konnen objektif agrikilte yo sou te yo ke yo te pran e pale de PKS la.

Rankont sa yo te fe nan diferan nivo de konsantman ak benefisye yo nan diferan pwèn sa yo:

- Nimero ak dat reynion
- Realizasyon reynion ak separasyon ak pwopriete yo ak lokate yo
- Ako sou lye okipasyon teren yon.
- Kantite kob kap peye
- Aksyon pou realize
- Tip de pwoje pou yo etabli
- Nivo de partipasyon agrikilte yo ak fanmi yo

Yo te realize plize antrevi ak dives moun ki patisipe direktman nan travay kominote a ansanm avek otorite lokal ak lot institisyon.

Chema sa montre yon relasyon ant reyinion ak pwen diskite ak benefisye yo, manm sosyete sivil ak konseye Plan.

Tablo # 3.

Dat Reyinion nan Wanamint, Ayiti.

DAT REYINION	PATISIPAN	KEKSYON POU DEBA
Avri 20 Avri 28 Avri 30	Tout Agrikilte yo	Pemie Antrevi
Me 19	Otorite Kominote a Representasyon agrikilte Yo	Seleksyon teren Chwazi.
Me 20	Benefisyè PKS Pe Hector Pascal	Pale de Api Teknik PKS
Me 28	Benefisyè PKS	Konen inkietid ak solisyon sou pwoje a
Jin 9	Benefisyè PKS Reprezantan ONG Solidarite Frontie Defans Sivil	Diskisyon sou benefis zonn franch nan an rapo ak kominote Wanamint nan
Jin 17	Benefisyè Konsil Ayisiyen Reprezantan ladwann	Diskisyon sou ako konpasasyon pou dives kategori pou benefisyè yo.

	Delege la Polis	
Jin 2	Benefisie PKS Ofisye deta sivil Direkte defans sivil Direkte de Rant intenn PIH	Diferans konsiderab sou konpansasyon ekonomik la.
Jiye 22	Reprezantan KFI	Diskisyon sou konpansyon
Jiye 23	Gwoup M Benefisie PKS	ekonomik ak benefis Plan ak diferans ant pwopriete yo ak lake yo.

Rezime infomasyon nan reyinyon yo ak benefisie e otorite wanament yo.

- Kantite agrikilte ki fome yon gwoup
- Laj agrikilte yo pou fe pati de pwoje a
- Nivo motivasyon ke yo genyen respé pou pwoje ya
- Priorite reyèl ke yo genyen pou komanse pwoje a
-
- Apwi oganizasyon yo nan sosyete sivil pou bay twavay
-
- Mefians asiste nan travay yo avek respé e akomplisman bi a, di a
-
- ekperians previ negatif
-
- Diferans ki atabli antre propriyete té-a travayé yo min-m
-
- Prezans fanmi pou ede nan travay, sitou pitit yo ki nen nivo detid siperie
- Arive nouvo benefisie PKS yo.

Pwosedi pou resoud pwoblem grave ke benefisie yo genyen.

Pandan Preparasyon an ak mete PKS la an Pratik, pou benefisie ak fanmi yo, pou evite pwoblem ak dout a koz ke yo pa konn plan pandan yap chache nouvo teren pou yo. Benefisie gen dwa gen kek inkietid, difikilte, ak konplent kote yap bezwen ed. Andedan Plan, pati sa dwe rekonet pou yo ka ede benefisie yo. Pwoblem sa ap resoud a trave plan kote KPKS ap dirije li e ap genyen repons direk de fason pou yo ka ede yo.

Oganizasyon PKS la ap gen yon pwen pou resoud pwoblem yo tankou yon plan, a trave difikilite ki genyen e yon ap kapab ede ak yon limit e re-etidie ka a anko tout an gade yon inpak positif e favorab a popilasyon an.

Yap montre benefisie yo kouman pou regle pwoblem grav yo genyen. Yap mande yo opinion yo pou yo ka ede yo resoud pwoblem yo. KPKS pral dirije chak ka grav yo jwenn e rapote li bay Gwoup M ak KFI. Gwop M nan se li menm ki responsab jere Plan KPKS la.

Oganizasyon nan kominote ya te invite pou patisipe nan na faz KPKS ap entreprann nan, se yon manie pou yo ka ede ranfosman pwoje a nan kominote a e ranfose konfians nan agrikilte benefisie yo tankou nan kominote Wanamint nan espesialman nan de pwemie ane Plan an.

REZIME DESKRIPTIF

Lè pwoje a fini tout objektif and rev yo , evaliasyon direk ak indirek, tout travay yo ak ka realize fe yon inpak positif sou benefisye ak institisyon kap ede yo, ak nouvo posibilite travay pou benefisye yo, institisyon yo ak kominote Wanament nan.

Chema sa montre yon rezime de aktivite ki rantre nan plan ak tout aktivite yo.

Tablo #9

Rezime Deskriptif.

	Rezime deskriptif	Endikate yo	Fwon deverikasyon	Enterese
Objektif jeneral	Rekonpanse a 95 family ki afekte nan konstriksyon zonn franch propriyete yo ranplase yo nan yon zon nouvo ki egal ak sa yo te genyen avan an bay garanti ak fammy kâp travay nan nouvo zon ki pa afekte (frape)	Mete travay pou fanmy sa yo nan nouvo moso yo Dokiman leta ayisyen	Pwen de vi enspeksyon Dokiman pose ed leta remet la	Dako avek lot interese Leta ayisyen bay avantaj nan pwoje ya
Aksyon imedia yo	a) sitiye yon nouvo moso te b) Kreye yon Sant pou developman nouvel teknoloji ak sant aprantisaj c) Kreye inite pilot teknoloji apwoprye nan vil wanament. d) Definasyon oganizasyon lot pati yo pou.	Egzistans moso te –a Instalasyon yo a operasyonn yo Unite yap utilize pou sitwayen wanament yo Patisipasyon evenman pwoje koodone nou.	Visit inspeksyon Rejis aktivite kapasitasyon yo Visit inite yo Regis ak o aktivite devopman pou lot pati	Fanmi yo asepte nouve moso te. Fanmi remplace interese nan pwoje yo Sosyete sivil e leta ayisyen interese nan pwoje ya. Organizasyon wanament motive pou pwoje ya.

Rezilta	a.1 Ramplase 95 agrikilte afekte yo a.2 Dokiman kiverifyenou tea a.3 mete agrikilte yo nan nouvo chita sou edikasyon etravay b. Verifikasyon nouvo moso te yo. b.2 Depo alternativ pou pwodikyo enoji ak soley ak van	Verifikasyon nou zon dokiman leta ayisyen Etid nou afekte yo Enspeksyon nouvozon ramplasman Panosole jeneradole byodijekt enstalenan zon pinojea Sant kapasitasyon	Rankot Visit Kopi dokiman ofisyel Rejis lis family Vizit plan egzekise Enspeksyon nan dat kappa sitasyon Rejis plan	Fanmi aksepte Akonplisman Leta ayisyen ranpliako pou rekonpanse family yo Fanmi pwotagonize pilot yo Fanmi ki itilize sistem tretman Zen ki gen kapasite pou itilize teknoloji Teknoloji satelit
---------	---	--	---	--

	B-3 Existans internet konpite ak telefon B-4 dispozitif dlo potab pou fanmi konsene yo B-5 yon inite transfomasyon B-6 divesifikasyon pwodikyon B-7 Kapasitasyon konsene C.3 Oto Jesyon Proje a lon tem yo	Operasyon Siten kigen kapasite pou tout popilasyon a Sant kapasyon an operasyon Verifikasyon moso te Motivavasyon pesonel konsene a Plan jesyon Dlo potab	Aktivite kapasitasyon Sous verifikasyon Anket mezi Regis aktivite yo Visit moso te yo Rejis aktivite ankit la rejis aktivite promosyon Dokiman plan jesyon analiz	Bidje Siten kigen kapasite rezev lan mwa sek yo Pwodi kigen potansyelbi bon vale Fanmi patisipe lan sa tankon dinamik pwodiksyon an Konsene yo kigen Aniv. Fivogrese Sosiete sivil afekte ak Travay tet ansanm
--	---	---	--	---

Aksyon Imedia

Konte nouvo te yo ye

Kreasyon de inite de devlopman nouvo teknoloji ak Sant Daprantisaj

Definisyon oganizasyon pou jistyon pwoje a

Pwopozisyon pou fe Pwoje nan kominote a pou yon vi miyo.

- Pwoje kooperativ plizè sèvis
- Pwoje konstiksyon civil
- Pwoje elektrisite ak pano solè
- Pwoje Rebwasman
- Pwoje konstiksyon kamion
- Pwoje konstiksyon latrin.
- Pwojet konstiksyon citen pou tretman dlo
- Pwoje konstiksyon pou sistenn kap resevwa dlo la pli.

Konpozisyon plan travay la.

Pwogram aktivite pou devlope plan travail PKS la mache selon lwa sa yo

- Agwoforestiè ak komèsializasyon
- Pwoteksyon kanal irigasyon ak rebwasman
- Netwayaj Anviwonman (Anviwonman ak resous natirel)
- Pwodiksyon Manje ak komèsializasyon.
- Oganizasyon ak kapasite kominote (sante, agrikilti, kooperativ, sante prelimine, edikasyon, ak kilty, dwa zimen.)
- Ranfosman institisyonel ak oganizasyonel
- Infrastruktir de sevis kominote

Pou kontinie yo presente yon table kap sevi de instriman pou evalie diferan ide yo nan chak pwojè.

Tablo # 7

Pwopozisyon tablo final dapre rezilta ya jwenn.

Branch	Desizyon	Pwogram	Egzekite	Ki AKOMPLI
Agwoforestie	Egzamp moso te deja travay.			
Oganisasyon ak antrenman	Egzamp moso te ki travay e fini.			
	Yon ti gwoup moun ki fome			
	Fomasyon komite institsyonel			
	Fomasyon Komite Intekominote			
	Entrenman teknik pou anployie			
Agrikilte ki antrene deja	Kapasitasyon teknik.			
	Kapasitasyon Social			
Renfosman Institisyonel:	Plan jessyon integre			
	Sistem dextension byen etabli.			
	Téknisyen Eksten Koodinsasyon a pwoje			

Ako

Gen yon Ako ki pral fèt pami Biwo Koodonatè a ak benefisiè yo, Otorite yo ak reprezante Fondasyon Gwoup M otorize yo, yap defini kompwomi ke tou le de Gwoup yo pran resiprokman e ak ako krite ke tou le de gwoup yo ap asepte.

Pwoposysyon aktivite dependan de resilta yo ke yap jwenn. (Tablo #10 a #25)

Chema aktivite sa yo se yon pwojè ki presente tankou yon plan basik ki ka modifiye e chanje sou yon ako ak kondisyon espesifik moman ak etap nan devlopman lot aktivite yo. Se gid de baz sa yo pou siv e evaliasyon ka chanje pa teknisyen yo ki ap mete pwojè a sou pie, e ak konseye extenn yo kap itilize gid de baz yo to evalie tout aspe pwojè a geneyen.

Siveyans, odit, ak evaliasyon.

Evaliasyon ekstenn nan pral realize pa espesialis extenn apwouve pa depatman social IFK. Evaliasyon intenn nan pral fet chak twa mwa de primye ane yo, chak 4 mwa, twazyem ak katriyem ane e chak ane a pati de senkièm ane a.

Año

1-2	Chak twa mwa
3-4	Chak kat mwa
5-6-7	Chak ane

Pou garanti transparans nan, evaliasyon an ap fèt ak odit chak ane pa moun ki an deyo pwojè a. Siveyans nan ap pèmanan e ap fèt pa konseye ak teknisyen yo ki reponsab kontinyason pwojè a.

Siveyans ak evaliasyon ap responsabilite ekip koodonatè PKS la, en ako ak travayè social yo e teknisyen agrikol nan reyinyon koodinasyon tankou a nivo teknik ou byen a nivo benefisiè ki ap semine travay. Sa ap rann travay yo fasil ak estraterjik .